

KUWA NEKUTENDA

Chidzidzo 8 cha Chivabvu 23, 2026





“Zino kutenda
ndirwo
rusimbiso
rwezinhu
zatinotarira,
neciratidzo
cezinhu
zatisingavoni”
(VaHebhuru 11:1)

Kuziva Mwari, kudzidza Bhaibheri, uye munamato zvinofanira kuva nechinhu chimwe chete kuti zvive zvinhu zvinoshandura muhupenyu hwedu: kutenda.

Pasina kutenda, zvinhu izvi zvinongova zivowo zvayo, kana kuti tsika dzisina zvazvinoreva.

Asi nekutenda, zvinhu zvine simba zvinotsvitsa panhongonya dzepamusoro-soro dzezvepamweya zvedu: “zose zingaitika kunounotenda.” (Marko 9:23).



Mhando dzakasiyana dzekutenda:

- ➡ Kutenda nezviratidzo
- ➡ Chiyero chekutenda
- ➡ Kutenda uye manzwiwo

Chii chinonzi kutenda?

- ➡ Tsanangudzo uye kukura kwekutenda
- ➡ Kutenda kwaJesu

**MHANDO
DZAKASIYANA
DZEKUTENDA**

KUTENDA NEZVIRATIDZO



“Zino Jesu akati kwaari. 'Kana musingavoni ziratidzo nezishamiso, hamungatongotendi.' ” (Johani 4:48)

Chiratidzo chinosiyana kana kuti iratidziro inopiwa kusimbisa shoko rakafuridzirwa kana kuti kutsigira chiremera chohumwari. Kunyange zvazvo chiratidzo chichiwanzonzwisiswa kuva chiitiko chinoshamisa—kufanana nomuchato paKana (Johani 2:11)—idi rokuti valsiraeri vakadzika musasa pamberi peGomo reSinai kuti vanamate Mwari (Ekisodho 3:12) rakapiwawo sechiratidzo.

VaFarisi vakakumbira Jesu kuti avaratidze chiratidzo chero chipi zvacho chaigona kuratidza kuti ndiye Mesiya, kuitira kuti vatende maAri.(Marko 8:11).

Jesu akashatirwa pavakakumbira chiratidzo chokururamisa kusatenda kwavo (Mako 8:12). Kana mumwe munhu asingadi kutenda, hapana chiratidzo chichakwanisa kumuita kuti atende.

Mwari akatipa humbowo hwakakwana muShoko Rake nemuzvisikwa kuti ani nani anoda kutenda atende. Zvisinei, pane mukana wekusava nechokwadi. Ndiko kusaka Jesu akapa chikomborero chakakosha kune “uanotenda, kunyange uasina-kuuona.”Johani 20:29



CHIYERO CHEKUTENDA



“Ishe akati, ‘Kana maiva nokutenda kwakaita setsanga yemastarda, maiti kumuvonde uyu: Dzurwa, usimnje mugungwa! ucakuterera’ ” (Rk 17:6)

Kune zviyero zvakasiyana zvekutenda:

Kutenda
kwevaapost
ora




“Hamunok
utenda
here?”
(Marko
4:40)

Kutenda
kwaPetro



“Iwe
unokutend
a kuduku!”
(Mt. 14:31)

Kutenda
kwaBaba



“ndibatsirei
pakusatenda
kwangu”
(Marko 9:24)

Kutenda
kwemukadzi
muKenani



“kutenda
kwako
kukuru”
(Mt. 15:28)

Kutenda
kweMukuru
wezana



“Handina-kumbouo
na kutenda
kwakadai, kunyange
napakati
paualsraeri”
(Ruka 7:9)

Kutenda
kwaStefani



“murume
wakanga
azere
nokutenda”
(Mabasa 6:5)

Zvakajeka kuti kutenda kunogona kukura Kana midzi yokusatenda inodzurwa. Kutendiswa kunofanira kutsiva kupokana zvishoma nezvishoma. Chikumbiro chedu chinofanira kuva: “Tiwedzerei kutenda kwedu” (Rk. 17:5).

Kuburikidza nebasa reMweya Mutsvene, kudzidza Bhaibheri, uye neruzivo rwedu naMwari tinozokwanisa kuona kuti “kutenda kwedu kunokura kwazo” (2VaTe. 1:3).



KUTENDA UYE MANZWIRO

"nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izo zisingabvi kwamuri, asi cipo caMjari." (VaEfeso 2:8)


Kutenda kunzwa here kana kuti chiito chine musoro?

Mhinduro kumubvunzo uyu wakakosha. Hazvina kufanana kuti **"NDINONZWA ndaponeswa"** sekuti **"NDINOZIVA kuti ndakaponeswa."**

Asi ngatitangei kubva pakutanga. Kutenda kwakabva kupi? Kutenda kunobva kuna Mwari uye anotipa sechipo(VaRoma. 12:3; VaEfe. 2:8).


Patinobvuma chipo ichocho—apo patinotanga kuratidza kutenda—kuti kutenda kunobereka matiri kunzwa kwakadai somufaro; runyararo; kunzwa kuzorodzwa mumweya; ...

Asi kutenda pachako hakusi manzwiwo; i"chokwadi" uye "kutendiswa" (VaHebhuru 11:1). Hachisi chinhu chinoenderana nemanzwiwo edu. Pandinonzwa kupera simba, kana kunzwa kuti ruponeso rwangu rwuri kure, ndipo pandinofanira kushandisa kutenda kwakanyanya.



**CHII CHINONZI
KUTENDA?**

TSANANGUDZO UYE KUKURA KWEKUTENDA



VaHebhuru 11:1, 3, ne6 inotipa tsanangudzo yakafara yekutenda. Kutenda kune zvakawanda zvekuita nemafungiro edu pamusoro paMwari. Kunotitungamirira kuti titende maAri soMusiki uye Mupi Wemubayiro.

Muchikamu chasara chechitsauko chacho, Pauro anotsanangura nezvokutenda kwevarume nevakadzi vakawanda vanoshumira somuenzaniso uye kurudziro yokuti tisaora mwoyo patinenge takamirira mubayiro.

Sezvataona, hatisi tese tine mwero wakafanana wekutenda. Ndingakudza sei kutenda kupi nokupi kwandinako, kungava kuduku kana kukuru?

**"Zino kutenda ndirwo rusimbiso rwezinhu zatinotarira, neciratidzo cezinhu zatisingavoni."
(VaHebhuru 11:1)**




**Ratidza kutenda, zvisinei kuti kuduku sei
(Mt. 17:20)**



**Kumbira Mwari kuti vakukuwedzere
(Rk. 17:5)**



Usavake kutenda kwako pakutenda kwevamwe (Mt. 25:8)



**Dzidza Bhaibheri
(VaRom. 10:17)**



Usakanda mapfumo pasi (Marko 9:23-24)



**Kupindura Mweya Mutsvene
(VaGa. 5:22)**



**Kugara ndichiratidza rutendo rwangu
(2 VaKo. 5:7)**



KUTENDA KWAJESU

“Ndipo panokutsungirira kwavatsene, vanocengeta mirairo yaMnjari nokutenda kwaJesu” (Zvakazarurwa 14:12)

Isu, vakatendeka vanorarama pedyo nekudzoka kwaJesu, tinosiyaniswa nezvinhu zviviri zvatino fanira “kuchengeta” (kureva, kuteerera kana kuchengetedza): mirairo nokutenda kwaJesu (Zva. 14:12).

Mutemo (mirairo) neVhangeri (kutenda) zvakapindirana. Haugoni kuteerera usina kutenda, kana kutenda usina kuteerera. Asi “kutenda kwaJesu” kunorevei?



Teerera kuna Jesu neShoko Rake



Kurarama mazuva ose naJesu



Kuita kuti Jesu ave musimbotti wehupenyu hwedu



Kurarama zvinoenderana nekutenda kwedu



Kuti tiise kutenda kwedu pana Jesu



Kuratidzira Jesu muhupenyu hwedu



Gamuchira chipo chenyasha Dzake



Nokuva nokutenda muna Jesu tinoruramiswa. (VaR. 5:1), tinotsveneswa (Mabasa 26:18), uye tinova vana vaMwari (Johani 1:12).

“Zvino vimba naIshe Jesu kuti akutungamirire nhanho nenhanho kupinda munzira kwayo. Unogona kuwana vimbiso nesimba panhanho imwe neimwe yaunofambira mberi, nokuti unogona kuvimbiswa kuti ruoko rwako ruri muruoko Rwake. Unogona “kumhanya usinganeti”; unogona “kufamba usinganeti,” nokuti unogona kuona nokutenda kuti une ruoko rwako muruoko rwaKristu. Hauzonyuri mukuora mwoyo, nokuti sezvaunopfuurira kuziva Jehovha, uchivimba Naye, uchava nechivimbo chokuti Uyo asingambosiyi avo vanovimba Naye zvizere ndiye Mubatsiri wako anogara aripo.”

-Non-Official translation by Gift Mawoyo

EGW (Our Father Cares, October 27)